**Гулдинарг – Iелин Сулайманан кIант Халид**

Гочдинарг – Магамедов Сулиман

Рецензенташ – М.Р. Эдихаджиев, А.А. Илесов

# СагIин дозалла

Жайна, то а дина, шозлагIа арахоьцуш ду.

**Гуьмсе 2019**

О значимости милостыни. Собиратель – Халид бин Сулайман бин Али. Гудермес, 2019. - ?с.

## БисмиллахIиррохьманиррохьим

## Дешхьалхе

Хастам бу АллахIна, комаршо, шукра, хаза хастам а Шена болчу, сагIа луш болчарна рицкъа далар дукха долуш а, царна уггар дика бекхам бан чIагIо йина а Волчу! Ас хастам бо Цунна паргIатонехь, халонехь а! Делера салам-маршалла хуьлийла - эвлаяийн тхьамда, Делах кхоьруш болчеран имам а, хьокхуш болу мох санна шен комаьрша куьг сагIа даларехь даима кховдийна волчу Мухьаммадна, цуьнан доьзална, халонехь, аьттонехь а сагIа луш хилла болчу цуьнан асхьабашна а!

Баккъалла а, сагIа даларо хаза лар юьту, тIаьхье беркате а хуьлуьйту - и сагIа даьккхинарг цхьаъ велахь я цхьа тоба елахь а, и сагIа даьккхинчунна дагна паргIато я синтем ца хиллехь а, я и схьаэцначу къечу стагана цунах хазахетар ца хиллехь а.

Суна лаьа, сагIин дозаллех лаьцна Iеламнаха аьлла дешнаш хьахо, хьалха заманахь, хIинца а сагIанаш даьхначарех лаьцна мехала дийцарш дийца а. Везчу Деле вай доьху, церан сагIанаш къобалдар, вай ечу Iамалехь, олучу дашехь а Цо вайн ниййаташ цIена хилийтар а!

Хьуна хоийла, цхьаболчу нахана сагIин белхаш бовза ма-беззара бевзаш ца хилар. Царна моьтту, сагIа даккхар деккъа даьхница доьзна ду, амма иза иштта дац. Цундела хIокху жайни чохь сагIин дозалла, цуьнан дакъош а дуьйцуш дуккха хьадисаш далийна. ХIокху жайнахь долу аяташ, хьадисаш, Iеламнехан дешнаш а ахь дешча, хьуна девзар ду сагIин дакъош, цуьнан беххамаш, и къобал хиларх духатухуш долу бахьанаш а.

Сайн къамел дерзош, Веза-Сийлахьчу Деле доьху ас дика Iамал ярна тIехь, цIена ниййат хиларехь а аьтто бар, Цо сайна гечдар, со маьрша витар а! ХIай АллахI, тхо лардехьа - гуш, ца гуш а долчу питанех, тхан мохк, кхиболчу бусалба нехан мехкаш а даима тешаме, маьрша а хилийтахьа!

ХӀай АллахӀ, Айхьа тхуна тӀехӀиттийначеран ницкъ кхачийтахь Хьой реза волчу новкъа дӀабаха! Делера салам-маршалла хуьлийла вайна дукхавезаш волчу Мухьаммад-пайхамарна, цуьнан доьзална, асхьабашна, массо бусалба нахана а!

Шун бусалба ваша – Ӏелин Сулайманан кӀант Халид.

**СагӀа даларан хьокъехь даьхкина цхьадолу аяташ**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Мила ву Деле духалург хаза декхар луш верг** (Делан дуьхьа, шен даьхни сагӀина луш верг), **– Цо цунна масийтта декъехь алсамдоккхур ду иза. И Дела рицкъанехь гатто еш верг, шорто еш верг а Ву, Цуьнга дерзор долуш а ду шу».** *«Аль-Бакъарат», 245.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шайн даьхни Делан новкъахь сагӀина луш болчеран масал – буьртиган масалх тера ду, ша ворхӀ кан схьабалийтина болчу, хӀора кена чохь бӀе буьртиг а болуш. АллахӀа совдоккхур ду Шена луучунна, И Дела** (комаршонца) **шорто еш Верг а, хууш Верг а Ву. Шайн даьхни Делан новкъахь сагӀина луш берш, цул тӀаьхьа шайн сагӀанаш тӀехдеттаршций, халахетарш дарций хьеха а ца деш, – царна ял хир ю шайн Далла гергахь, кхерам а хир бац царна, гӀайгӀане а хир бац уьш. Хаза дош алар, гечдар а гӀоле ду, шена тӀаьхьа халахетар деш долчу сагӀанал, АллахӀ хьалдолуш а** (халкъера хӀумма ца оьшуш), **кӀеда-мерза а Ву** (Ӏазап дарца сихо ца еш)**».** *«Аль-Бакъарат», 261-263.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Аш сагӀанаш** (нахана) **гуш дахахь – дика ду иза** (аш беш берг дика болх бу)**. Аш уьш къайлах даьхна, къечу нахана дӀалахь а – и ду шуна уггар деза дерг, цо дӀадохур ду шун вуонаш, АллахӀ аш дийриг хууш ма ву».** *«Аль-Бакъарат», 271.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шайн даьхни буса а, дийнахь а, къайлах а, гуш а сагӀина луш берш – царна мела хир бу шайн Далла гергахь, кхерам а хир бац царна** (къематдийнахь), **гӀайгӀане а хир бац уьш** (дуьненахь шайх дӀатиллачух)**».** *«Аль-Бакъарат», 274.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Аша сихо е шайна Делера гечдаре а, стигланаш, латта санна шуьйрачу ялсаманига а – Делах кхоьручарна кечйина йолчу. И нах бу уьш, шаьш паргӀатонехь, халонехь а** (хьалдолуш, къен болуш а) **сагӀа луш, шайн оьгӀазло хьулъеш** (и

чекхъяккха шайн ницкъ кхочушшехь), **нахана къинтIера бовлуш а болу. АллахI дика деш берш дукхабезаш** (царна хаза бекхам бийр болуш) **Ву».** *«Алу Iимран», 133-134.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахь ала: «Баккъалла а, сан Дала шортта рицкъа ло Шен лех Шена луучунна, Цо цунна** (рицкъанехь) **гатто а йо. Аш** (дикчу новкъахь) **сагIина елла хIума Цо** (Дала) **меттахIоттайо, Иза - рицкъа лучарах уггар диканиг ву».** *«Ас-Сабаъ», 39.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «**Мила ву, Деле духалург хаза декхар луш верг** (Делан дуьхьа, шен даьхни сагIина луш верг), **– Цо цунна масийтта декъехь алсамдоккхур ду иза, цунна сийлахь йолу ял а** (ялсамани) **хир ю».** *«Аль-Хьадид», 11.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, сагIа луш болу божарий а, зударий а, Деле духалург хаза декхар луш берш а – царна масийтта декъехь алсамдоккхур ду иза** (Дала)**, царна сийлахь йолу ял а** (ялсамани) **хир ю».** *«Аль-Хьадид», 18.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шу Делах кхералаш, шайн ницкъ ма-кхоччу, аш ладогIалаш** (шайна бечу хьехаме)**, шу муьтIахь хилалаш** (Дала бохучунна)**, аш сагIа лолаш** (Делан новкъахь) **– и дика ду шуна шайна. Шен синан бIаьрмецигаллех дIацIанвелларг – уьш бу-кх декъалхилларш. Аш духалург Деле хаза декхар лахь – Цо шуна иза масийтта декъехь алсамдоккхур ду, шуна гечдийр а ду. АллахI баркалла олуш ву** (дика динчунна), **кIеда-мерза а ву** (къинош долчу Шен лешна сихха таIзар ца деш)**».** *«Ат-ТагIабун», 16-17.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «**Аш Деле духалург хаза декхар ло** (Делан дуьхьа, сагIа ло). **Аш шайна хьалхадаьккхина диканиг – шуна иза карор ду, Далла гергахь дика долуш, дукха йоккха ял йолуш а. Деле гечдар деха аш, баккъалла а, Дела гечдеш верг, къинхетаме верг а ву».** *«Аль-Муззаммил», 20.*

### СагIа даларан хьокъехь даьхкина цхьадолу хьадисаш

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу цхьа стаг веара, цо цуьнга хьаьттира: **«ХIай Делан Элча, ял алсам йолу сагIа муьлха ду?»** – аьлла. Цо жоп делира: **«Ахь сагIа далар ду, хьо могуш а, сутара а, къеллах кхоьруш, хьалдолуш хиларе сатуьйсуш а волуш; тIаьхьа а ма тетта ахь, са**

(валарна гергахь) **къамкъарге кхаччалц, ахь ала а олуш: «Хьенехана - иза ду, минехана - иза ду, тIаккха иза хила а хуьлу хьенехана».** *Бухари, Муслим.*

АшIарийн тайпанах волчу Iасыман кIанта аль-Хьариса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ЦIано – иийманах цхьа дакъа ду, «аль-хьамду лиллахI»** (АллахIна хастам бу) **аларо Мийзан-терза хьаладузу, ткъа «субхьаналлохIи, валь-хьамду лиллахIи»** (АллахI шеца там мел боцчух цIена ву, АллахIна хастам бу) **бохучо хьаладузу стигланашна, латтана а юкъахь дерг, ламаз – нур ду, сагIа – иийманан билгало ю, собар – гIайгIа-бала дIабоккхуш серло ю, Къуръан –** (цо бохучунна тIевирзинехь) **хьоьгахьа я** (цо бохучух дIавирзинехь) **хьуна дуьхьал тоьшалла ду. ХIора стаг а Iуьйрре араволу, ткъа царах ву шен са духкург, и хьалхадоккхург** (Далла муьтIахь хуьлий) **я и хIаллакдийриг** (Далла Iеса а хуьлий)**».** *Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьа хурма бен яцахь а, ша гулдинчу цIенчу** (хьанал долчу) **даьхних сагIа делларг милла велахь, ткъа АллахI хьанал дерг бен къобалдеш ма вац, баккъалла а, АллахIа и** (сагIа) **къобалдарца схьаоьцу. ТIаккха и сагIа деллачунна Цо и кхиадо, ламанал доккха ша хиллалц, шух цхьамма говран бекъа я эмкалан кIорни кхиорах терра».** *Бухари, Муслим.*

Абу Умамата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХIай Адаман кIант, хьайна оьшучу барамал совдаьлларг ахь сагIина лахь – иза дика ду хьуна, ахь и ца луш хьайгахь сацадахь – иза вуон ду хьуна, хьайна оьшучу барамехь сацадарх бехкбуьллур бац хьуна. Айхьа кхобуш болчарна тIера дIаволало хьо. Лакхара куьг** (сагIа луш долу куьг) **лахарчу куьйгал** (сагIа схьаоьцучу куьйгал) **дика ду».** *Муслим.*

Ансарех волчу Абу МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Цхьа стаг веара, жулар** (дуьрста) **тесна йолу эмкал ялош; цо элира: «ХIара Делан новкъахь сагIа ду».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьуна, и бахьана долуш, къематдийнахь ворхI бIе эмкал хир ю, уьш ерриге жулар тесна а йолуш».** *Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Веза-Сийлахьчу**

**Дала боху: «ХIай Адаман кIант, сагIа ло ахь – Ас хьуна а лур ду».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Лено олу: «Сан даьхни, сан даьхни», ткъа цунна шен даьхних кхо хIума ду: цо ша диъна дIадаьккхинарг, я цо тIедуьйхина тишдинарг, я цо сагIина дIадаларца эхартана дIадиллинарг. И доцург, дIадолуш, цо** (ша веллачул тIаьхьа) **нахана дуьтуш а ду».** *Муслим.*

Хьатиман кIанта Iадиййас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьа а ма вац, тIаьхьа** (эхартахь) **шега АллахI вистхирволуш бен, цаьршинна юккъехь талмаж** (барта къамел гочдийриг) **а воцуш. Аьтту агIор дIахьожур ву иза, ша динарг бен гур дац цунна; аьрру агIор дIахьожур ву иза, ша динарг бен гур дац цунна; шена хьалха хьожур ву иза, шен юхь-дуьхьал жоьжахати бен гур яц цунна. Жоьжахатин цIерах кхералаш, аххурма сагIина лой а».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ВорхI ву, АллахIа динарг бен** (IиндагI) **доцчу дийнахь Цуьнан IиндагIа кIелахь хир волуш: нийсо еш волу имам; шен Далла Iибадат деш кхиъна волу жима стаг; маьждигех дог хоттаделла волу стаг; АллахIан дуьхьа гергарло лелош а, Делан дуьхьа вовшахкхеташ, вовшахкъаьсташ а, вовшашна дукхавезна а волу ши стаг; хаза а, ехаш а йолчу зудчо, зина де аьлла, кхайкхича, ша АллахIах кхоьруш ву аьлла волу стаг; аьтту куьйго луш дерг аьрру куьйгана хаа а ца хууш** (нахана гайта ца гойтуш)**, къайлах сагIа делла волу стаг; ша висинчохь АллахI хьехош шен бIаьргех хи даьлла волу къонах а».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шена чохь леш Iуьйренга бовлуш цхьа а де ма дац, ши малик охьадуссуш а бен, тIаккха цаьршиннах цхьамма олуш: «ХIай АллахI, сагIа луш волчунна** (даьхни) **меттахIоттаде Ахь», тIаккха вукхо олуш: «ХIай АллахI, сецош волчунна** (даьхни) **иэшаде Ахь».** *Бухари, Муслим.*

IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух мила ву шен верасан**

**даьхни шен даьхнил дукхадезаш?»** Цара элира: **«ХIай Делан Элча, тхох цхьа а ма вац, шен даьхни** (верасан даьхнил) **дукхадезаш а бен».** Цо элира: **«Баккъалла а, цуьнан даьхни – цо сагIина делларг ду, цуьнан верасан даьхни – цо сагIина ца луш дитинарг ду».** *Бухари.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«СагIа даларо даьхни эшийна дац, гечдеш волу лай АллахIа сийлаллехь бен сов ца воккху. Делан дуьхьа цхьа а таьIна хир ма вац, Дала иза даржехь лакхавоккхуш бен».** *Муслим.*

Джабалан кIанта МуIаза (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«…СагIано къа дIадойу, хе цIе дIаяйарх терра».** *Тирмизи, Ибн МажахI.*

Маликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, сагIано Делан оьгIазло дIайоккху, вуон валар духатуху».** *Тирмизи.*

Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, шаьш уьстагIна урс хьаькхнера, тIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цунах бухахь йиснарг хIун ю?»** Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Цунах йисина ма яц, тIа доцург».** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цуьнан тIа доцург, ерриге а бухахь йисина вайна».** *Тирмизи.*

Iамиран кIанта Iукъбата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«ХIора стаг къематдийнахь ша деллачу сагIин IиндагIехь хир ву, нахана юккъехь кхел йина яллалц».** *Ахьмад.*

Iубадатан кIанта СаIда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Ас элира:** «**ХIай Делан Элча, ял алсам йолу сагIа муьлха ду?»** Цо жоп делира: **«Мала хи далар ду».** *Ибн МажахI.*

СаIи́да (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу а веана, СаIда (Дела реза хуьлийла цунна) хаьттира, аьлла: **«Муьлха сагIа деза хета хьуна?»** Цо жоп делира: **«Хи».** *Абу Давуд.*

Абу МасIуда аль-Бадрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина,

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стага, шена ял хиларх теша а тешаш, Делан дуьхьа, шен доьзална напха делча, цунна иза сагІа ду».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «**СагІанах диканиг – шена эшам а боцуш луш дерг ду. Айхьа кхобуш болчарна тІера дІаволало хьо».** *Бухари.*

Хьиза́ман кІанта Хьаки́ма (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Лакхара куьг лахарчу куьйгал дика ду. Айхьа кхобуш болчарна тІера дІаволало хьо. Уггар а дика сагІа – шен хьолана тІера делларг ду. ХІума ехарх ларвелларг – Дала ларвийр ву; шегахь долчух кхачамбинчунна – Дала кхачам бийр бу».** *Бухари.*

Абу Ваккъасан кІанта СаІда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Делера ял хиларе дог а дохуш ахь сагІина напха лур ма дац, ахь хьайн хІусамнанна луш йолу яахІума цхьаьна, и бахьана долуш хьуна ял хуьлуш бен».** *Бухари, Муслим.*

Іаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Зудчо шен хІусамехь йолу яахІума сагІина елча,** (шен хІусамдена, доьзална а) **иэшам ца беш, цунна ша сагІа далар бахьана долуш ял хуьлу; цуьнан хІусамдена, болх бина, и яахІума чуярна ял хуьлу, и яахІума ларъеш волчунна а оццул ял хуьлу, царах цхьаммо вукхун йолах хІумма ца эшош».** *Бухари, Муслим.*

Асмаа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Ас элира: «ХІай Делан Элча, Зубайрас чу деанарг бен кхин даьхни дац сан, ас сагІа дала мегар дуй?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«СагІа ло ахь, хьайгахь сеца ма де ахь, тІаккха АллахІа хьуна луш дерг сацор дац».** *Бухари.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Делан новкъахь ахь делла долчу динарах, лай хьалхавитарехь ахь делла долчу динарах а, мискачу стагана сагІина ахь делла долчу динарах а, хьайн доьзална ахь делла долчу динарах а ял хиларехь деза дерг – ахь хьайн доьзална делларг ду».** *Муслим.*

Iа́миран кIанта Сулаймана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Мискачу стагана делла сагIа – цхьа сагIа ду, гергарчунна делла сагIа – иза ши сагIа ду: сагIа а, гергарло хоттар а».** *Ахьмад, Тирмизи, Насаи, Ибн МажахI.*

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьана а бусалба стага синтар я ялта дIадуьйр ма дац, тIаккха оцу тIера олхазарша я адамаша, я хьайбанаша дууш, цунах цунна сагIа хуьлуш а бен».** *Бухари.*

Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьа а бусалба стаг синтар дIадуьйш ма вац, цунах йиънарг цунна тIера сагIа хуьлуш бен, цунах лачкъийнарг а цунна тIера сагIа хуьлуш бен, акхароша цунах йиънарг а цунна тIера сагIа хуьлуш бен, олхазарша цунах йиънарг а цунна тIера сагIа хуьлуш бен. Иза цхьаммо хIаллакдийр ма дац, цунах цунна тIера сагIа хуьлуш а бен».** *Муслим.*

Абу Мусас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХIора бусалба стага сагIа дала дезаш ду».** Цуьнга цхьамма элира: **«Ца хилча дерг дийцахьа?»** Цо (жоп луш) элира: **«Шен куьйгашца болх бийр бу цо, шена пайда а беш, сагIа а луш».** Цуьнга элира: **«Ницкъ ца кхаьчча дерг дийцахьа?»** Цо (жоп луш) элира: **«ЧIогIа гIо оьшуш волчунна гIо дийр ду цо».** Цуьнга юха а элира: **«Ницкъ ца кхаьчча дерг дийцахьа?»** Цо (жоп луш) элира: **«Диканиг де аьлла, омра дийр ду цо».** Цуьнга юха а элира: **«Иза ца дича дерг дийцахьа?»** Цо (жоп луш) элира: **«Вуочух вухакхетар ву иза, баккъалла а, иза сагIа ду».** *Бухари, Муслим.*

IабдуллахIан кIанта Джабира (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Массо а дика хIума дар сагIа ду».** *Бухари, Муслим.*

IабдуллахIан кIанта Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Массо а дика хIума дар сагIа ду; баккъалла а, дика хIума дарх ду хьо хьайн вешина къежначу юьхьаца дуьхьалкхетар, ахь хьайн пхьегIи чуьра хьайн вешин пхьегIи чу хи доттар а».** *Ахьмад, Тирмизи.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шена тӀе малх кхетачу массо а дийнахь нехан хӀора хуттургана тӀера даккха дезаш сагӀа ду: шинна юкъахь нийсо йой ахь – сагӀа ду хьуна и, стагана шен дийнатна тӀехууш, и цу тӀе хьалаваккхарца гӀо дой ахь, я цунна цу тӀе цуьнан мохь хьалакховдабой ахь – сагӀа ду хьуна, ткъа хаза дош – сагӀа ду хьуна, ахьа ламазе воьдуш боккху хӀора ког – сагӀа ду хьуна, иштта ахь новкъара нех дӀаяккхар – сагӀа ду хьуна».** *Бухари, Муслим.*

Абу Зарра (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнан асхьабаша (Дела реза хуьлийла царна) элира, аьлла: **«ХӀай Делан Элча! Баккхийчу бахамийн дайша берриге а мелаш дӀабаьхьи-кх, оха санна ламазаш до-кх цара, оха санна марханаш а кхобу-кх цара, цул совнах – шайн совдаьлла даьхни сагӀина а ло цара».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Вай! Ткъа шуна а ца делла АллахӀа сагӀина дала хӀума?!» Баккъалла а, аша хӀора тасбихь** («субхьаналлохӀ» – Шеца там мел боцчух цӀена ву АллахӀ) **алар – сагӀа далар санна ял ю шуна, хӀора АллохӀу акбар** (АллахӀ воккха ву) **алар – сагӀа далар санна ял ю шуна, хӀора аль-хьамду лиллахӀ** (хастам бу АллахӀна) **алар – сагӀа далар санна ял ю шуна, хӀора ла илахӀа иллаллохӀ** (АллахӀ воцург кхин дела вац) **алар а – сагӀа далар санна ял ю шуна, диканиг де алар а – сагӀа далар санна ял ю шуна, иштта, вониг ма де алар а – сагӀа далар санна ял ю шуна; шух цхьамма шен зудчуьнца меттахь долу гӀуллакх дар а – сагӀа далар санна ял ю шуна».** Цара хьаьттира: **«ХӀай Делан Элча! Тхох цхьамма шен дегӀан лаам кхочушбича, цунах цунна мела хир бу ткъа?!»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Аша суна дийцийша, цо шен дегӀан лаам хьарамчу агӀор кхочушбича** (зина дича), **къа хир дарий цунна?! Цунах терра, цо шен дегӀан лаам хьаналчу агӀор кхочушбича, мела хуьлу цунна».** *Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьана стагана ша яьссачу аренгахь волуш мархаш юккъера аз хезира: «Хьенехан беша догӀа дайита», аьлла. ТӀаккха и марха дӀаяхара, цо догӀа тӀеӀанийра тӀулгех ийначу Ӏаьржачу латтана, и дерриге догӀа дедира цхьана хорша. И стаг догӀа охьахьаьддачу агӀор дӀавахара, цунна цхьа стаг гира, шегахь болчу гӀирсаца шен бешахь и догӀанан хи дӀасадоькъуш. Оцу стага цуьнга хьаьттира: «ХӀай Делан лай, хьан цӀе хӀун ю?» Оцу стага**

**шен цӀе яьккхира, иза яра вукхунна мархашна юккъера хезна цӀе. Оцу стага некъахочуьнга хаьттира: «ХӀай Делан лай, соьга сан цӀе хӀунда хаьттира ахь?» Цо жоп делира: «Суна хӀара догӀа Ӏанийначу мархашна юккъера аз хезира, хьан цӀе а йоккхуш, ша олуш: «Хьенехан беша догӀа даййта». Цундела суна хаа лаьа, хьо хӀун болх беш ву оцу бешахь?» Цо элира: «Хьо цунах дерг хаа лууш велахь, со бешара ялта кхиаре хьоьжу,** (и схьалахьийча) **цунах кхо дакъа а дой, цхьа дакъа сагӀина ло ас, шолгӀа дакъа сайна а, сайн доьзална а даа дуьту ас, кхоалгӀа дакъа духа лаьттах дӀадоь ас».** *Муслим.*

Ӏаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, Адаман доьзалх долу массо адам кхо бӀе кхузткъа хуттург йолуш кхоьллина ду.** ***Аллóхlу Акбар*** **аьлларг,** ***Аль-хьамду лиллáхI*** **аьлларг,** ***Лá илáхIа иллаллóхI*** **аьлларг,** ***Субхьáналлóхl*** **аьлларг,** ***АстагIфируллóхI*** **аьлларг, нах лелачу новкъара тӀулг я кӀохцал, я даьӀахк дӀаяьккхинарг, диканиг де аьлларг, вуониг ма де аьлларг а оцу кхо бӀе кхузткъа хуттурган барамехь, баккъалла а, оцу дийнахь суьйренга волу, шен дегӀ жоьжахатих генадаьккхина а волуш».** *Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ма дика сагӀа ду-кх, Ӏуьйранна, суьйранна а пхьегӀа юьззина шура луш йолу эмкал шегара шура яккхийта сагӀина ялар, иштта болу уьстагӀ а шегара шура яккхийта сагӀина балар».** *Бухари.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Цхьа стаг хилла нахе духалург хӀума луш. Шен кӀанте олуш хилла цо: «Аьтто боцург хьайна каравахь, цунна гечде ахь, тӀаккха АллахӀа вайна а гечдан тарло». АллахӀна дуьхьалкхийтира** (велира) **иза – Цо цунна гечдира».** *Бухари, Муслим.*

Абу Къатадатан кӀанта ӀабдуллахӀа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Абу Къатадата шен декхархо лехира, ткъа иза цунах дӀалечкъира, аьлла. Цул тӀаьхьа цунна иза карийра, амма цо ша хала воллуш ву, элира. Цо элира: **«АллахӀах дуй буий ахь?»** Цо жоп делира: **«АллахӀах дуй буу ас».** ТӀаккха Абу Къатадата элира, баккъалла а, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезна суна, аьлла: **«АллахӀа къематдийнан халонех ша хьалхавитича самукъадер долчо, аьтто боцчунна шен декхар**

**тӀаьхьатоттийла я иза** (декхар) **цунна гечдойла».** *Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Таро йоцчунна** (шена тӀехь декхарш долчунна) **аьтто бинчунна – АллахӀа дуьнен чохь, эхартахь а аьтто бийр бу».** *Ибн МажахӀ.*

**СагӀа даларан хьокъехь даьхкина Ӏеламнехан цхьадолу дешнаш**

Имам Ибнуль-Къаййима (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Баккъалла а, сагӀа даларо тамаше лар юьту бес-бесара баланаш бухатохарехь, и сагӀа делларг Ӏеса стаг я зуламхо, я керста стаг велахь а. Баккъалла а, Дала цара деллачу сагӀанах бахьана а дой, царах цхьаболу баланаш бухатуху. ХӀара болх массо нахана бевзаш бу, латта тӀехь мел болу нах цуьнца мукӀарло деш а бу, хӀунда аьлча и болх шайна шаьш зийна бевзаш болу дела».**

Цо (Дала къинхетам бойла цунах) иштта аьлла, дог цӀандаран бахьанаш дуьйцуш: **«СагӀа даларна юкъадогӀу: нахана дика дар, ницкъ кхочучу барамехь шен даьхница, куьйган говзаллица а царна пайда бар а. Баккъалла а, комаьрша волу дика стаг догцӀена а, ирсе а, дог паргӀат долуш а хуьлу. Амма шегахь дика доцу бӀаьрмециг волу стаг – догъӀаьржа, декъаза а, кхечарел алсам гӀайгӀане, сингаттаме а хуьлу».**

Цо (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **кхиболчу нахал алсам шен долахь ерг сагӀина луш вара. Ша, Делан дуьхьа, сагӀина елларг дукха хеташ я кӀеззиг хеташ вацара иза. Цуьнгахь йолу хӀума ца йоьхура цхьаммо, цо цунна и луш а бен, кӀеззиг я дукха елахь а. Къелла тӀеярна ца кхоьруш волчо луш долу сагӀа дара цо луш дерг. Адамна совгӀат дар, сагӀа далар а уггар цунна дукхадезаш хӀума дара. Ша сагӀина хӀума лучу хенахь, и схьаоьцуш волчул чӀогӀа воккхавеш, самукъадаьлла а хуьлура иза. Дика хӀума дарехь кхиболчу нахал комаьрша вара иза, цуьнан аьтту куьг, хьокхуш болу мох санна, беркате дара. Цхьана хӀумане хьашто ерг шена тӀевеъча, цо иза цунна оьшург дӀаяларца шен дегӀал хьалхавоккхура; цкъацца яахӀума, цкъацца бедарш сагӀина лора цо. Ша совгӀатна луш йолу хӀума, доккхуш долу сагӀа а тайп-тайпана леладора цо, наггахь, сагӀина, олий, наггахь, совгӀатна, олий, наггахь, мах лой цхьа хӀума оьций, тӀаккха ша эцна хӀума, цуьнан мах а юхкуш волчунна дӀалора цо – Джабирера эцна эмкал юха цунна дӀаяларх терра. Наггахь, юхалург хӀума а йоккхий, цул алсам, гӀоле, йоккха а ерг дӀалора цо, шен болчул алсам мах лой хӀума а**

**оьцура цо. СовгIат схьаоьцуш, шена деллачунна дуьхьал цул алсам, гIоле дерг а луш вара иза, шегара гIиллакх гойтуш, тарлучу агIор сагIа даларан, дикадаран а дакъош билгалдеш. Цо луш долу сагIа, деш долу дика а шен хьоле, ша олучу даше хьаьжжина хуьлура. Шегахь ерг сагIина лора цо, сагIа ло аьлла омра деш, оцу тIехь нах сутара беш, сагIа даларе уьш кхойкхуш вара иза. Шена бIаьрмециг, сутара стаг гича, сагIа даларе, комаьрша хиларе кхойкхура цо иза. Цуьнца цхьаьна хан яьккхинарг, цунна накъосталла динарг, цуьнан нийсо шена гинарг а шен дегI комаьршаллех, догдика хиларх а ца дузуш висина вац. Пайхамаран** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **нийсо ю-кх, диканиг даре, сагIа даларе, шарIаца догIуш дерг леладаре кхойкхуш. Цундела Пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **кхиболчу нахал комаьрша, догцIена, дог дика а долуш вара. Баккъалла а, сагIа даларо, диканиг даро а адам комаьрша дарехь тамаше лар юьту».**

Хьасана аль-Басрис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Ахьнафана цхьана стеган карахь дирхIам гира, тIаккха цо хаьттира: «Хьенан ду хIара?» Оцу стага, шен ду аьлла, жоп делира. Ахьнафа элира: «Иза хьан дац, ахь иза ял хиларе сатуьйсуш сагIина дIадаллалц. Хьо хууш хилалахь, ахь даьхни сагIина ца луш хьайгахь сацадахь, хьо цуьнан ву. Амма ахь иза сагIина делча, даьхни хьан ду».**

Шайх Мухьаммад-Салима (Дала къинхетам бойла цунах) сагIанах, сагIа даларх а лаьцна аьлла: **«СагIа далар – деккъа даьхни я даьхница мах хIоттош дерг сагIина даларна тIехь хедаш дац, бакъду, цо чулоцу ерриг дика Iамал: хаза дош; елакъежна юьхь; стагана шен хьайбанна тIехууш гIо дар, цуьнан партал цуьнга дIакховдор; халонехь волчунна декхар тIаьхьататтар я цхьадерг гечдар. Наггахь АллахIна деш долчу Iибадатах а стага шен бусалба вешина сагIа далар хуьлу. Цуьнан масал: цхьа стаг маьждиге веара, нах малхбуза ламаз дина бевлча, тIаккха Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **элира: «Мила ву хIокхунна сагIа лун дерг, цуьнца ламаз а дина?»** Цуьнан маьIна: **«Цуьнца цхьаьна ламаз юха хьан дийр ду?» Абубакара** (Дела реза хуьлийла цунна) **сагIа делира цунна** (ламаз дира цуьнца)**».**

**СагIа даларан коьртачу хьукманех ду:**

1. СагIина луш ерг цIена, хьанал агIор яьккхина хилар. ХIокху хьукмано адаман дахарехь уггар хьалха юьту лар – иза, адам хьанал дерг лаха, даа а марздар ду. Билггала хууш долчух ду, цхьана а хIумано адам, Дела резавар лохуш, Далла герга ца дуьгу, нагахь и хIума Далла гергахь цIена дерг дацахь.

Нагахь цо Дела резавар лоьхуш сагIина луш ерг цIена яцахь, цо шена Делан оьгIазло тIейоуьйту, хIунда аьлча АллахI оьшуш Вац Шен цIарца цо хьарам даьхница харж яр.

2. Луш долу сагIа шен хьоле хьаьжжина хилар. Адамна там болуш дац, шена чIогIа оьшуш долу хIума сагIина далар, тIаккха цо дохко а ваьлла ша-шена бехкаш бохкур болуш. Хьалдолуш хилар шина кепара ду:

а) Даьхница хьалдолуш хилар – иза ша сагIа луш верг ву, шена, шен доьзална, дахарехь шена оьшуш долчунна а иэшам ца беш. ХIара хьал массо а нахехь дерг ду, наггахь хьайбанашкахь а хуьлу иза, хIунда аьлча, хьайбано ша дуьзча шен докъар даарх кхидолу хьайбанаш духа ца туху. Амма ша меца долуш, цо шен докъар даарх кхидерш духатуху, шеца чIогIа уьйр йолуш хьайбанаш уьш делахь а.

б) Шегахь долчух тоам барца хьалдолуш хилар – иза цуьнан са меца ца хилар ду, ша мел чIогIа меца велахь а. ХIара хьал Дала хаьржинчу нахехь хуьлуш ду, Къуръана чохь Дала ансараш хасторх терра, Ша олуш: **«Цара** (ансараша) **даьхни даларехь шайл толабора уьш** (мухIажираш), **шаьш цуьнга мел чIогIа хьашто йолуш белахь а. Шен дегIан бIаьрмецигалла юхатоьхнарш – уьш бу-кх декъалхилларш».** *«Аль-Хьашр», 9.*

Веза-Сийлахьчу Дала, вай даггара деллачу сагIанах бахьана дина, Ша динарг бен кхин IиндагI доцчу дийнахь Шен IиндагIехь гулдойла вай!

**Чулацам**

**Дешхьалхе**

**СагIа даларан хьокъехь даьхкина цхьадолу аяташ**

**СагIа даларан хьокъехь даьхкина цхьадолу хьадисаш**

**СагIа даларан хьокъехь даьхкина Iеламнехан цхьадолу дешнаш**

**СагIа даларан коьртачу хьукманех дерш**

Орг. и метод. рук-во…

Составитель – Халид бин Сулайман бин Али
Переводчик – Магамедов Сулиман Рахманович
Рецензент – М.Р. Эдихаджиев

Редактор – Асламбек Гайтукаев
Дизайн и верстка – Саид-Магомед Тасуев